

# Kisa pou w atann apre w fin depoze

## yon reklamasyon pwopriyetè kay apre yon ouragan

(Tout dire tan yo se estimasyon yo ye.)

### IMEDYATMAN

Fè yon rapò reklamasyon an bay konpayi asirans ou an oswa ajan w lan.

Fè reparasyon dijans tanporè. Fè foto anvan ak apre reparasyon tanporè yo fèt epi konsève resi yo.

Fè yon lis atik ki domaje yo ansanm ak enfòmasyon ki bay deskripsyon espesifik pwodwi yo.

Fè foto oubyen pran yon videyo de atik domaje yo anvan w jete yo. Jete atik domaje yo ki se yon menas pou lasante.

Konpayi asirans ou an pral ba w yon ekspè asirans pou gade pwopriyete domaje yo. Fè swivi avèk konpayi asirans ou an si ekspè a poko kontakte w apre yon semèn.

### ANT DEZYÈM AK DOUZYÈM SEMÈN

Si se nesèsè, y ap anboche lòt ekspè pwofesyonèl epi y ap fikse yon orè pou yo ka detèmine lakòz egzat pèt la, nivo domaj la oswa kou aktyèl pou repare oswa ranplase yo epi l ap soumèt yon rapò bay ekspè a apre 30 – 90 jou.

### DEZYÈM SEMÈN

Pa plis pase 14 jou apre w fè rapò sou reklamasyon w lan, konpayi asirans ou an ta dwe konfime resepsyon reklamasyon w lan epi voye yon Avi deklarasyon dwa konsènan reklamasyon pwopriyetè kay.\*

Ekspè a pral gade domaj yo, fè foto epi pran mezi, epi ba w enstriksyon sou kòman w ka soumèt resi pou reparasyon ann ijans ak ranbousman, epi l ap pale de pwosesis reklamasyon an avè w.

Ekspè a pral fè yon estimasyon detaye epi l ap ba w li.

### ANVAN 90YÈM JOU

Y ap kominike desizyon final la ba w avèk yon avi sou dwa w genyen pou mande yon Rekonsilyasyon pwopriyete rezidansyèl atravè Depatman sèvis finansye, si w pa ka rive jwenn yon antant.\*\*

Ou ta dwe resevwa yon refi alekri oswa yon peman pou reklamasyon ki pa konteste pa plis pase 90 jou apre w fin fè rapò sou reklamasyon w lan.

Si w pa dakò ak desizyon final la, ou ta dwe jwenn yon estimasyon nan men yon antreprenè w chwazi epi remèt chwa a bay ekspè asirans lan.

### PA PLIS PASE 30 JOU APRE AKÒ A KONKLI

Depi w fin konkli yon akò avèk konpayi asirans lan, ou pral siyen l epi remèt yon fòmilè renonsasyon, epi konpayi asirans lan pral fè peman an.

\*Prensip sa a pa aplike si se yon Founisè asirans konplemantè ki bay politik ou a, oswa Pwogram nasyonal asirans inondasyon oswa si reklamasyon an te fèt anrapò ak yon evènman Gouvènè Florid la deklare kòm Eta Dijans, oswa si se yon ka fòs majè ki andeyò kontwòl konpayi asirans ou an ki fè ke egzijans lan pa t ka respekte.

\*\* Prensip sa a pa aplike si se yon Founisè asirans konplemantè ki bay politik ou a, oswa Pwogram nasyonal asirans inondasyon, tankou politik inondasyon ki ekri pa Pwogram nasyonal asirans inondasyon an, men ki founi pa konpayi asirans nòmal yo. Politik inondasyon ki pa t ekri pa Pwogram nasyonal asirans inondasyon yo gen dwa toujou elijib.

## Konsèy pou konsomatè yo

- Kontakte Divizyon sèvis konsomatè yo pou kesyon oswa èd nan **1-877-MY-FL-CFO (1-877-693-5236)** oswa sou entènèt nan **[www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers/NeedOurHelp.htm](http://www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers/NeedOurHelp.htm)**.
- Kontakte konpayi asirans ou an anvan w siyen nenpòt kontra pou reparasyon pou w ka konfime nenpòt pwovizyon sou politik reparasyon jere oswa vandè preferansyèl opsyonèl.
- Konplete epi anrejistre tout reparasyon ann ijans ki te nesèsè pou anpeche plis domaj. Konsève tout fich ou yo epi fè foto domaj yo anvan epi apre nenpòt reparasyon ki ta fèt.
- Li ak anpil swen tout kontra ki egzije depans kòb pèsònèl nan pòch oswa peman yon fre ki baze sou yon pousantaj lajan w pral resevwa nan men konpayi asirans lan pou repare oswa ranplase pwopriyete w yo.
- Konfime antreprenè yo gen bonjan lisans yo ta dwe genyen pou yo ka kondwi zafè nan eta Florid la epi verifye pou wè si yo pa gen plent ki depoze kont yo nan Depatman reglèmantasyon komèsyal ak pwofesyonèl nan **[www.MyFloridaLicense.com/DBPR](http://www.MyFloridaLicense.com/DBPR)**. Ou ta dwe mande tout antreprenè pou bay kontak kliyan li konn sèvi deja kòm referans.
- Egzije tout antreprenè yo pou yo founi yon prèv ke yo posede asirans konpansasyon responsab ak travayè anvan w siyen kontra a.
- Sekirize pwopriyete w yo, fèmèn gaz la, dlo a ak kouran an epi kontakte konpayi asirans lan pou w bay yo yon nimewo telefòn kote yo ka jwenn ou si domaj yo rive nan yon eta kote w oblije kite lakay ou a.



**1-877-MY-FL-CFO (1-877-693-5236)**  
**[www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers](http://www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers)**